www.nohchalla.com



# Зелимхан

**Арахь мох а, дарц а даьлча, бовдуш хилла – Зелимха.**
**Ломахь тоьпа тата даьлча, хьехош хилла Зелимха.**
**Станицера йо1 ядийча, олуш хилла Зелимха.**
**Бере воцуш дин ц1а беъча, боьлхуш хилла – Зелимха. 2р**

**Эзар мостаг1 доьхьал валарх, шек ца ваьлла Зелимха.**
**Масех шарахь къийсам латтош, къар ца велла Зелимха.**
**1аьржа буьйса, 1аьржа верта, 1аьржа гила, Зелимха.**
**Майра хилла, турпал хилла, каде хилла Зелимха. 2р**

**Ткъа хьоьх хьалха жима 1ахар х1унда аьлла, Зелимха,**
**Хьай халкъанна, хьай махканна кхиий вала, Зелимха.**
**Зелимханна готта хилла дуьне, хьуна шорта ду.**
**Зелимханна ца карийнчу ирсан да хьо ма ву. 2р**

**Дай махканна, хьай халкъанна кхиий вала, Зелимха.**
**Майра хила, каде хила, доттаг1чуьна к1ант Зелимха.**
**1аьржа буьйса, 1аьржа верта, 1аьржа гила, Зелимха,**
**Цкъа а хьуна хьашт ма хуьлда. Дог къай хила, Зелимха. 4р**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)